

**AJANS LOJMAN MIAMI-DADE  
OTORIZASYON POU DEFWALE ENFÒMASYON**

**REFERANS: Manm Fanmi Kay la ki enfim lan:** \_\_\_\_\_

Mwen, isiba, otorize ke yo devwale enfòmasyon bay Ajans Lojman Miami-Dade sou koze demann pou akomodasyon rezonab ki dekri nan fòmilè sa-a. Dokiman sa-a va reprezante yon otorizasyon limite pou devwale enfòmasyon sa yo, jan yo dekri yo pi ba la-a.

Mwen, isiba, otorize \_\_\_\_\_ pou li konsilte ak reprezantan Ajans Lojman Miami-Dade, alekri, an pèsòn, oswa pa telefòn konsènan andikap mantal osnon fizik ke mwen deklare pou kalifye kòm yon moun ki enfim pou sèl rezon demann pou akomodasyon rezonab sa-a.

Pou rezon Dokiman sa-a, yon “Moun Kalifye Enfim” vle di se yon moun ki genyen yon enfimite mantal osnon fizik ki:

1. Seryezman limite youn oswa plis nan aktivite nòmal lavi an
2. Genyen yon dosye medikal sou andikap sa-a
3. ki idantifye kòm yon moun ki genyen andikap sa-a

“Yon Enfimite Mantal osnon Fizik” vle di:

1. Nenpòt maladi osnon eta fizyolojik, defigire nan figi, oswa pèdi youn osnon plis nan pati kò nou ki aji sou sistèm kò nou tankou, men pa jis limite a sa: newoloji, miskilè, ògàn espesyal youn nan sans yo, respiratwa, ak ògàn lapawòl nou; **osnon**
2. Nenpòt maladi mantal osnon sikolojik, tankou retade mantal, ebete, maladi yo nan sèvèl tèt osnon debalansman emosyonèl ak enfimite byen espesifik nan aprann lekòl.

Tèminoloji “Domaje Fizik oswa Mantal” enkli, men pa limite a, maladi yo ak kondisyon yo tankou vizyèl, domaje nan jan yo pale ak jan yo tandè, epilepsi, paralezi nè, kansè, eks.

“Aktivite Enpòtan Lavi yo” enkli fonksyon yo tankou okipe tèt pa w, fè travo manyèl yo, mache, wè, tandè, respire, aprann ak travay.

“Genyen yon dosye de youn nan Enfimite sa yo (mantal oswa fizik)” vle di genyen yon dosye, oswa ki te mal klasifye kòm moun ki soufri yon enfimite mantal oswa fizik ki plizoumwèn limite li nan youn oswa plizyè aktivite enpòtan lavi yo.

“Ke Yo Idantifye Ki Genyen yon Enfimite” vle di:

1. Genyen yon enfimite mantal oswa fizik ki pa plizoumwèn limite li nan youn oswa plis aktivite enpòtan lavi yo, **men** ki trete pa moun kap resevwa swen an tankou yon moun ki genyen limit sa yo.
2. Genyen yon enfimite mantal oswa fizik ki plizoumwèn limite youn oswa plizyè aktivite enpòtan lavi yo **sèlman kòm rezilta** atitud yon moun kap jwenn sèvis yo devan enfimite sa-a.
3. Pa genyen ankenn nan enfimite ki defini nan definisyon “enfimite mantal oswa fizik” Seksyon 504 la, **men** ke yon moun kap jwenn sèvis ki genyen kalite enfimite sa-a.

**AJANS LOJMAN MIAMI-DADE  
OTORIZASYON POU DEFWALE ENFÒMASYON**

Kidiplis, Mwen otorize \_\_\_\_\_ pou li remèt dokimantasyon ki sèlman nesèsè pou verifye ke mwen tonbe nan kategori moun ke yo dekri pi wo la-a kòm "Moun Kalifye ak yon Enfimite".

Otorizasyon sa-a otorize sèlman pou yo bay enfòmasyon nesèsè pou verifye sa ki swiv la:

1. Dokimantasyon nesèsè pou verifye ke moun lan ranpli kondisyon ki defini pi wo la-a;
2. Yon deskripsyon de ajisteman ki nesèsè; epi,
3. Yon deskripsyon ki kapab idantifye relasyon ant enfimite mwen an ak ajisteman rezonab (yo) ke map reklame.

Otorizasyon Pou Devwale Enfòmasyon fèt pou chèche jwenn enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine si demann ajisteman rezonab la nesèsè poutèt yon enfimite.

Otorizasyon sa-a **pa** otorize Ajans Lojman Miami-Dade pou egzamine dosye medikal mwen yo, enkli rezilta dyagnostik yo oswa tès (yo); non plis tou li pa otorize ke yo devwale enfòmasyon an detay sou nati oswa severite enfimite mwen an.

Enfòmasyon/dokimantasyon ke yo devwale kòm rezilta Otorizasyon sa-a va rete konfidansyèl sitou pa pataje ak pèsòn esepite si li nesèsè pou yo fè oswa evalye yon desizyon pou bay oswa derefize yon demann ajisteman rezonab.

\_\_\_\_\_  
Non Manm Fanmi/ Manman ou Papa/Gadyen Legal[An gwo lèt]

\_\_\_\_\_  
Siyati

\_\_\_\_\_  
Dat

\_\_\_\_\_  
Lyen Parantay ak Rezidan an

**TANPRI BAY ENFÒMASYON SA YO:**

(1) Non Klinik Responsab Swen Medikal/Otorite Responsab Dokimantasyon:  
\_\_\_\_\_

(2) Adrès Klinik Responsab Swen Medikal/Otorite Responsab Dokimantasyon:  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

(3) Telefòn Klinik Responsab Swen Medikal/Otorite Responsab Dokimantasyon::  
\_\_\_\_\_

(4) Nimewo Faks Klinik Responsab Swen Medikal/Otorite Responsab Dokimantasyon:  
\_\_\_\_\_

Fòm sa yo disponib nan yon fòm aksèsib sou demann. Tanpri rele Kowodinatè ADA nan (786) 469-4229 (telefòn) – Florida Relay Service (800) 955-8771 (TDD/TTY).